**दिन—मंगलवार** **दिनांक—27.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

पूर्व केन्द्रीय मंत्री उपेन्द्र कुशवाहा आ भाजपाक प्रत्याशी मनन कुमार मिश्रा बिहार सँ राज्यसभाक दू सीट लेल भेल उपचुनाव मे निर्विरोध निर्वाचित भऽ गेलाह। दुनू सीट लेल मात्र इएह दू प्रत्याशी नामांकन पत्र दाखिल कयने छलाह। आइ नाम वापसीक अंतिम दिन कोनो प्रत्याशी नामांकन पर्चा वापस नहि लेलनि, जकर बाद परिणाम घोषित कऽ देल गेल। उपेन्द्र कुशवाहाक पार्टीक राष्ट्रीय लोक मोर्चा, एनडीएक घटक दल अछि आ भाजपा हुनका एहि उपचुनाव मे समर्थन कयने छल। ओतहि, मनन कुमार मिश्रा सुप्रीम कोर्ट मे वरिष्ठ अधिवक्ता छथि आ ओ बार कांउसिल ऑफ इंडियाक अध्यक्ष सेहो छथि। भाजपाक शीर्ष नेतृत्व हुनका उपचुनाव मे एहि सीट लेल चुनावक मैदान मे उतारने छल। निर्वाचनक बाद दुनू सदस्य मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कयलनि। मुख्यमंत्री दुनू नव निर्वाचित सदस्य के जीत पर बधाई देलनि।

---

भारतीय जनता पार्टी दू सितंबर सँ देश भरि मे सदस्यता अभियान शुरू करत। भाजपाक महासचिव विनोद तावड़े नव दिल्ली मे ई जनतब दैत कहलनि जे निवर्तमान सभ सदस्य लोकनि के अपन सदस्यताक नवीनीकरण करबाक आवश्यकता अछि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू सितंबर के पार्टी अध्यक्ष जे.पी. नड्डा सँ अपन सदस्यता ग्रहण करताह। एकर बाद संपूर्ण देश मे सदस्यता अभियान चलाओल जायत। श्री तावड़े जनौलनि जे भाजपाक संविधानक अनुसार प्रत्येक पांच सँ छओ वर्ष मे नव सिरा सँ सदस्यता अभियान चलाओल जाइत अछि। ओ कहलनि जे एहि सदस्यता अभियानक पहिल चरण पच्चीस सितंबर के संपन्न होयत।

---

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसूनक गतिविधि सामान्य रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे जमुई आ नालंदा जिलाक कतेको स्थान पर भारी बरखा भेल अछि। जमुई जिलाक खैरा मे सभ सँ बेसी बहत्तरि मिलीमीटर बरखा दर्ज

कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे औरंगाबाद, गया, रोहतास आ नवादा जिला मे कतेको ठाम भारी बरखा हेबाक संभावना अछि।

————————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे आ प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम भाग मे भऽ रहल बरखाक कारणे गंगा, सोन, पुनपुन, घाघरा, बूढ़ी गंडक, बागमती आ कोसी समेत विभिन्न नदीक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर आ पटनाक दीघा घाट मे बढ़ि रहल अछि। ओतहि, पटनाक गांधी घाट, हाथीदह, भागलपुर आ कहलगाँव समेत विभिन्न स्थान पर लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। बूढ़ी गंडक नदी समस्तीपुर आ खगड़िया मे खतराक निशान सँ ऊपर प्रवाहित भऽ रहल अछि। बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद, सीतामढ़ीक ढेंगब्रिज आ रून्नीसैदपुर मे बढ़ि रहल अछि। ओतहि, कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आ कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

————————————————————————

गंगा, कोसी, महानंदा समेत विभिन्न नदी मे उफान सँ खगड़िया, मुंगेर, भागलपुर आ कटिहार जिलाक कतेको नीचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। कतेको ठाम सड़क पर पानि आबि गेला सँ आवागमन बाधित भेल अछि। मुंगेर जिलाक हवेली खड़गपुर प्रखंडक कतेको पंचायत मे बाढ़िक पानि लागि गेला सँ लोक सभ ऊँच स्थान पर शरण लेने छथि। एहि मध्य प्रशासन बाढ़ि पीड़ितक मददि लेल पौलिथिन सीट आ आनो आवश्यक सामग्रीक वितरण कऽ रहल अछि। एम्हर, जलस्तर के देखैत पटना जिला प्रशासन नदीक तटीय क्षेत्र आ दियारा क्षेत्र मे स्कूल सभ के एकतीस अगस्त धरि बंद करबाक निर्देश देलक अछि।

————————————————————————

मैथिलीक साहित्यकार आ साहित्यिक सांस्कृतिक संस्था ऋचालोकक संस्थापक शिवाकान्त पाठकक आइ दरभंगा मे निधन भऽ गेलनि। ओ पचासी वर्षक छलाह। श्री पाठक ओज आ माधुर्य विषय पर कविता लिखबाक लेल जानल जाइत छलाह। हुनक रचना ध्वंस पर्व प्रसिद्ध अछि। ओ बागमती पत्रिकाक संपादक सेहो छलाह। दरभंगा सँ शिवाकान्त पाठकक पार्थिव शरीर के हुनक पैतृक गाम समस्तीपुर जिलाक मुजौना लऽ जाओल गेल। हुनक पुत्र अमलेन्दु शेखर पाठक जनौलनि जे काल्हि सवेरे सिमरियाक गंगा तट पर हुनक अंतिम संस्कार कयल जायत।

---

बेगूसराय मे खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता आ जिलाधिकारी रौशन कुशवाहा संयुक्त रूप सँ जिलाक चारि सय बावन भूमिहीन परिवार के बारकोड़ युक्त भूमिक पर्चा वितरित कयलनि। एहि परिवार के बसेरा अभियान दू कार्यक्रम अंतर्गत मोबाईल ऐपक माध्यम सँ सर्वेक्षण कऽ कऽ चिन्हल गेल।

---

समाप्त